



Kominike près

Depatman Travay Etazini an | 10 Jiyè 2024

Kèk ankèt montre yon konpayi te mete anplwaye l yo nan yon seri rigòl san pwoteksyon ki te vin defale, kote anplwaye yo te kwense epi yo te blese nan Massachusetts, Rhode Island

Boston Waterproofing & Construction te mete travayè l yo nan sitiyasyon danjere kote yo te ka mouri nan de okazyon

BOSTON – Kèk anketè federal ki espesyalize nan kesyon sekirite nan travay la rapòte, nan yon peryòd mwens pase twa mwa nan fen ane 2023, yon konpayi Boston ki espesyalize nan kalfetraj te mete anplwaye l yo nan sitiyasyon ki danjere nan de okazyon, kote anplwaye yo te ka pèdi lavi yo nan twou ki fouye nan tè e ki vin defale nan chantye rezidansyèl ki nan zòn Arlington, Massachusetts, ak Warwick, Rhode Island.

[Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay la](#), ki fè pati Depatman Travay Etazini an, te detèmine, nan chak ka, sètadi nan zòn Arlington nan dat 10 septanm 2023 ak nan zòn Warwick nan dat 2 desanm 2023, yon sipèvizè ki travay pou Boston Waterproofing & Construction Corp. te anboche kèk travayè tanporè ki pa gen fòmasyon. Apre sa, li te mande yo antre epi travay nan twou ki san pwoteksyon alòske anplwaye yo te fè konnen sa te danjere. Anplwaye yo te mande yon pwoteksyon pou twou yo, men anplwayè a pa t mete okenn pwoteksyon. Twou sa yo te defale nan chak chantye. Nan chak ka, te gen yon travayè ki te blese e ki te antere nan twou a.

Sou chantye Arlington lan, anplwayè a pa t menm eseye sove anplwaye ki te kwense a. Li te menm pran telefòn li a nan men l epi li te frape l ak yon seri bagay pou anpeche l mande swen medikal pandan l te kwense a.

Sou chantye Warwick la, anplwaye ki te kwense a te mande anplwayè a rele 911 pou jwenn èd epi pou yo mennen l lopital, men anplwayè te refize fè sa. Anplwayè a pa t itilize yon ekipman medikal ki apwopriye pou retire anplwaye ki te blese a nan twou a. Anplwayè a te mete travayè ki blese a nan yon machin prive epi li te depoze l poukont li nan yon sant swen rapid.

Epitou, pandan enspeksyon ki te fèt Warwick la, OSHA te detèmine anplwayè a te lakòz anpil domaj sou chantye a epi li pa t repare domaj la ni li pa t aksepte responsablite l pou sa. Apre sa, lè mèk kay la te eseye pale sou domaj la avè l, anplwayè a te bay manti epi li te menase mèk kay la.

OSHA te bay Boston Waterproofing & Construction Corp. yon kontravansyon poutèt konpayi a te fè espres vyole [lwa sou sekirite ak sante nan travay la \(Occupational Safety and Health Act\)](#) yon fason ki grav. Pa egzanp, li pa t mete okenn pwoteksyon pou twou yo, li pa t bay anplwaye yo fòmasyon, li pa t voye yon moun ki konpetan pou enspekte twou yo sou toule de chantye yo, li pa t bay travayè ki te blese yo posiblite pou yo jwenn sèvis medikal ijan epi li pa t bay moun ki te blese sou chantye Warwick la transpò li te bezwen an.

Pou vyolasyon sa yo, OSHA te pwopoze yon total \$451,694 pou kontravansyon yo, sètadi \$225,847 pou chak enspeksyon.

[Jwenn plis enfòmasyon sou Depatman Travay Etazini an. Ale nan saldeprès nou an pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou suiv nou sou Entènèt.](#) Si w soud oswa si w pa tande byen, oubyen si w gen yon andikap ki afekte kapasite w pou pale, rele 7-1-1 pou jwenn sèvis relè nan telekominikasyon.

[Konsilte kontravansyon yo pou enspeksyon Arlington nan](#) ak [enspeksyon Warwick la](#).

Galen Blanton, ki se administratè rejyonal OSHA pou Boston, fè konnen: “Boston Waterproofing & Construction Corp. te suiv yon modèl biznis ki pa bon menm, kote li fè espere eksplwate travayè tanporè yo epi li mete yo nan sitiyaasyon ki danjere nèt san li pa bay yo ni fòmasyon, ni pwoteksyon ki nesèsè a. Konpayi a te aji san wont epi li te aji san pitye. Se pou rezon sa a OSHA te ba li kontravansyon pou vyolasyon li fè espere fè nan toule de ka yo. Konduit anplwayè sa a pa legal, li danjere epi li franchman inimen. N ap mande l kont pou sa.”

Se biwo OSHA nan Andover ki te fè enspeksyon Arlington lan epi se biwo OSHA nan Providence ki te fè enspeksyon Warwick la.

Aprè yon anplwayè resevwa nenpòt kontravansyon oswa sanksyon nan men OSHA, li gen 15 jou biznis pou l obeyi, pou l mande yon konferans enfòmèl avèk direktè zòn OSHA a oswa pou konteste rezilta enspeksyon an devan [Komisyon Egzamen Sekirite ak Sante nan Travay la](#). Boston Waterproofing & Construction Corp. pa t reponn pou okenn nan kontravansyon ak sanksyon OSHA te ba l yo. Se pou rezon sa a youn nan yo te vin final nan dat 18 avril 2024, epi lòt la te vin final nan dat 14 me 2024. Konsa, anplwayè a renonse dwa li genyen pou l fè apèl la.

Men sa Blanton ajoute: “Selon lwa federal yo, travayè yo gen dwa pou yo travay nan yon zòn ki pa gen danje ni pou sekirite yo ni pou sante yo, epi yo gen dwa pou pale ak anplwayè yo e pou yo kontakte OSHA san yo pa pè pou yo fè revanj sou yo si yo vle rapòte yon sitiyaasyon ki trakase yo. Nou ankouraje travayè yo pou yo [chèche jwenn plis enfòmasyon sou dwa ak pwoteksyon yo benefisye yo anba lwa sou sekirite ak sante nan travay la](#). Yo kapab jwenn enfòmasyon ak èd nan plizyè [lang](#).”

[Nòm ki egziste yo fè konnen rigòl ki pi pwofon pase 5 pye yo dwe gen yon sistèm pwoteksyon estanda](#), tè a ak lòt materyo yo dwe rete nan yon distans omwen 2 pye ak arebò rigòl yo, epi anplwaye yo dwe pran yon fòmasyon pou yo aprann detekte epi jere danje ki gen nan rigòl yo. Epitou, yon moun ki konpetan dwe enspekte rigòl yo, rigòl yo pa dwe gen okenn dlo ki chita ladan yo ni okenn danje atmosferik, epi yo dwe gen yon mwayen ki pèmèt travayè yo antre soti an sekirite.

[Jwenn plis enfòmasyon sou OSHA](#) ak [sekirite nan rigòl yo](#), tankou enfòmasyon siplemantè sou danje ki genyen nan rigòl yo ak solisyon yo, ak yon [videyo sou sekirite a](#).

###

Kontak pou medya yo:

James C. Lally, 617-565-2074, lally.james.c@dol.gov

Ted Fitzgerald, 617-565-2075, fitzgerald.edmund@dol.gov

Nimewo kominike a: 24-785-BOS

[Jwenn plis enfòmasyon sou Depatman Travay Etazini an](#). [Ale nan saldeprès nou an pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou suiv nou sou Entènèt](#). Si w soud oswa si w pa tande byen, oubyen si w gen yon andikap ki afekte kapasite w pou pale, rele 7-1-1 pou jwenn sèvis relè nan telekominikasyon.